# Quizz

**Lè nou di tout moun egal-ego  sa vle di :**
- Yo gen menm dwa devan lalwa
- Fòk yo gen menm chans nan lavi a
- Fòk yo lib pou chwazi metye yo vle
- Chak moun gen dwa fè sa li vle, jan li vle, lè li vle

**Pou pi jèn yo pran mayèt la, fòk...**
- Yo koute granmoun yo, san wete san mete
- Yo travay byen lekòl
- Yo ranplase tout moun ki echwe
- Yo travay pou rèv yo tounen reyalite
- Yo potekole nan travay kominote a

**Mete men pou kominote nou vanse sa vle di :**
- Tounen yon bon pwofesyonèl
- Fè travay kominotè
- Pran ka sa ki pi pòv yo

**Metye fanm se...**
- Metye kote ou pa bezwen fòs kouraj
- Metye pale anpil
- Metye Gason tou. Fanm ak gason ka fè menm bagay
- Metye moun responsab

**Yon fanm kifè politik :**
- Se yon fanm ki pa gen mari
- Se yon fanm ki pa okipe pitit li
- Se yon fanm ki gen kouraj pou li travay pou chanjman

**Yon gason ki etidye enfimyè :**
- Se yon gason ki pèdi wòl li
- Se pa yon pwoblèm. Gason ak fanm egal-ego.



## KONKOU 177



*Rele gratis ticheri nan nimewo 177 pou w reponn ti kesyon sa yo :*

1- Wi ou NON, Eske gen metye ki pou fi epi lòt ki pou gason ?
2- Wi ou NON, Èske gen metye ki plis pase lòt ?
3- Poukisa nou dwe aprann yon metye epi sèvi ak sa nou aprann ?
4- Ki rèv Florans ak Deniz te genyen, èske yo te rive reyalize rèv yo ?
5- Ki tit ti nimewo jounal sa ?



Lè w rele gratis ticheri nan nimewo 177 la, toujou sonje bay non w, kibò w rete oubyen ap viv. Bòn chans...


# CHIMEN LAKAY

LAKAY SE LAKAY

EDISYON ESPESYAL

5 goud


## Ti fi, jèn fi, pran mayèt pou demen ka pi bèl


DESEN : CHEVELIN PIERRE – TÈKS : MIKE CHARLES



MDG-F/Haiti — Programme conjoint pour la prévention des conflits et la cohésion sociale (PCCS)







ISTWA : MIKE CHARLES / DESEN : CHEVELIN

